

10 Septanm 2020

Rekòmansman enstriksyon limite nan salklas pou etidyan premye sik yo

Nan dat 10 out, mwen te anonse inivèsite a ta pran reta sou rekòmansman kantite limite kou nan salklas pou etidyan premye sik yo jiska dat 14 septanm. Reta de semèn sa a te pèmèt nou anvizaje yon gwo kantite faktè anvan kòmansman enstriksyon nan salklas, tankou espas pou karantèn ak izòlman, kantite ka pozitif ki pa konfime moun rapòte poukont yo ak pousantaj ka pozitif yo nan konte a, konfòmite avèk enstriksyon "4 Maryland" pou sante ak kapasite anplwaye yo pou jere ka pozitif yo.

Sou plan kritik, sa te pèmèt nou tou fè tès pou COVID-19 nan tout kanpis la pou pwofesè yo, anplwaye yo ak etidyan yo epitou pou evalye rezilta yo anvan kòmansman aktivite an pèsòn nan kanpis la.

Semèn pase a, nou te fè twazyèm ak dènye tès sa nan tout kanpis la. Gras ak travay san rete anplwaye University Health Center ak kèk santèn volontè, nou te fè prèske 19,000 tès pandan 15 jou, yon fèt òganizasyonèl amizan. Tès UMD te bay yo te montre 135 ka pozitif, yon pousantaj ka pozitif ki te 0.7%.

Nou te resevwa yon lòt 143 ka pozitif ki pa konfime moun te rapòte poukont yo. Detèminasyon pousantaj ka pozitif yo pa posib si nou pa gen chif ekivalan tès rezilta tès negatif ki pa rapòte yo, men inivèsite konsidere kantite total ka yo— kèlkeswa sous la— nan pwosesis nou pou pran desizyon yo.

Dapre yon evalyasyon avèk prekosyon nou te fè sou yon lis jeneral faktè yo, jodi a, mwen anonse nou pral avanse avèk metòd pridan an, ofi-amezi pou rekòmansman enstriksyon limite nan salklas pou etidyan premye sik yo nan jou ki lendi 14 septanm jan nou planifye sa. Sa reprezante apeprè 15% klas nou ofri yo pou etidyan premye sik yo pou sezon lotòn sa a nan University of Maryland.

Sa reprezante yon etap ki piti men enpòtan pou nou pouswiv yon eksperyans inivèsite ki soti nan yon anviwònman kanpis, kote yon kominote entèlektiyèl etidyan ak anplwaye fè son sèl pou yon eksperyans akademik, rechèch, rezidansyèl, sosyal ak espòtif. Se yon etap ki vin posib avèk patisipasyon yon ekip kèk santèn pwofesè, anplwaye ak etidyan ak yon metòd mezire nan semès sezon lotòn sa a ki te gen ladan:

- Rediksyon kantite moun nan kanpis nou, espesyalman nan nivo kantite ki ba anpil nan rezidans pou etidyan yo, nan salklas yo ak laboratwa yo.
- Preparasyon enstalasyon nou yo pou itilizasyon, tankou netwayaj ak dezenfeksyon, afichaj pano konsènan egzijans pou konpòtman, ak rediksyon nan kantite moun nan espas akademik, espas rechèch ak espas sosyal.
- Inovasyon fason pou bay enstriksyon akademik lan, distribisyon anpil santèn sibvansyon pou pwofesè yo pou kreye nouvo fason konvèsasyonèl ki enteresan anpil, epi òf posiblite pou elèv yo pase semès sezon lotòn nan sou entènèt.
- N ap montre enpòtans konpòtman kolektif nou yo, n ap travay anpil avèk kominote ki antoure pou kontwòl efikas konpòtman yo, epitou n ap devlope konsekans sevè kòm sadwa pou lè moun pa konfòme yo. Konsèy Minisipal Vil College Park te fèk adopte yon òdonans ki ogmante amann yo jiska \$1,000 pou nenpòt moun ki vyole gid sante lokal yo.

Nan pwen sa a gen anpil domèn enkyetid. Yon dènye ogmantasyon nan ka yo nan pwogram espòtif nou te fòse nou sispann tout antrènman jiskaske tout etidyan espòtif yo refè tès la. Yon kantite kay fratènite ak soworite te rapòte kèk ka. Disponiblite espas nou pou karantèn pou kounye a rete a 62% kapasite,

menmsi anpil etidyan ap fè ale-vini nan peryòd izòlman yo nan wikenn yo. Si nou te dwe kenbe enstriksyon nan salklas ak lojman nan kanpis la pou etidyan nou yo nou dwe fè amelyorasyon nan domèn sa yo Nou dwe rete vijilan nan aksyon nou yo.

Konsa, n ap kontinye ofi-amezi. Koulwa dine nou yo ap rete fèmen pou dine an pèsòn epi n ap kontinye bay chwa pou pran manje pou ale. Ekipman kolektif yo ki nan enstalasyon RecWell ak nan Stamp Union Student ap rete fonksyonèl sou randevou sèlman Règleman nou ki mete restriksyon sou kliyan yo nan koulwa rezidans yo ap rete anvigè. Li pridan pou kontinye limite aktivite yo jiskaske nou vin konnen plis enfòmasyon.

Nou pral fè yon dezyèm seri tès nan tout kanpis la pou pwofesè yo, anplwaye yo ak elèv yo pandan semès 14, 21 ak 28 septanm. Si ou potko fè sa deja, tanpri enskri non ou pou tès la nan [sitwèb enfòmasyon pou COVID-19](#). Tès sa yo enpòtan anpil paske yo pral ede nou konpare pousantaj ka pozitif yo avèk tès ki fèk fèt yo. Si ou gen sentòm ki gen rapò avèk COVID-19, tanpri rele liy HEAL nan University Health Center.

Dapre sistèm sanblab nan lòt inivèsite yo ak demann dirijan etidyan yo, nou devlope yon fason volontè pou etidyan yo, pwofesè yo, ak afilye yo pou yo bay non ak enfòmasyon kontak pou manm kominote UMD yo ki pran kontak avèk yo souvan. Platfòm sa a la pou ede nan idantifikasyon kontak bonè si yon moun ta teste pozitif pou COVID-19. Kontak pwòch yo se moun ou gen kontak avèk yo souvan fas-a-fas pandan w ap travay, etidye, oswa pandan ou nan rezidans nan kanpis la oswa nan pi gran kominote College Park. Sistèm sa a ochwa epi li pa obligatwa Ou kapab idantifye jiska senk kontak pwòch sou sitwèb return.umd.edu.

Nou pral kontinye bay done ak enfòmasyon transparan nan [Tablodò Kanpis nou sou COVID-19](#), tankou pousantaj ka pozitif yo chak semèn, kantite nouvo ka yo chak semèn, ak chak jou epitou disponiblite espas pou karantèn ak izòlman chak jou. Nou te ajoute yon nouvo seksyon pou swiv kantite tès pozitif moun rapòte p[oukont yo epi ki pa konfime ak yon seksyon "Notes" ki pral bay lòt kontèks ak eksplikasyon pou done yo.

Sou non tout kominote Terrapin, mwen ta renmen di nou chak mèsè pou dilijans ou ak pasyans ou pandan moman sa a. Chak nan nou jwe yon wòl ki enpòtan anpil ak entè-konekte nan planifikasyon pou semès Lotòn 2020 konplike sa a.

Kòm yon dènye pwèn pou sonje, lè ou nan oswa deyò kanpis la, tanpri pratike 4 konpòtman Maryland nou yo ki bon pou sante

- Mete yon mask oswa kouvèti pou figi ou sou nen ak bouch ou toutan.
- Lave men ou souvan
- Pratike distans fizik, depi ou kenbe yon distans 6 pye ant oumenm ak lòt moun.
- Kontwole sentòm ou yo chak jou

An nou rete ansanm (men sou yon distans sis pye apa). An nou rete devwe epi an nou siveye youn pou lòt. An nou rete **TerrapinSTRONG**.

Sensèman,
Darryll J. Pines
Prezidan, University of Maryland

He/His/Him